

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Sastra mangrupa cabang seni, nya éta hasil cipta jeung ékspresi manusa anu éstétis (éndah), sarta di jerona ngandung ajaran-ajaran ngeunaan kahirupan. Wellek & Warren ngadéfinisikeun sastra salaku karya imajinatif anu dimédiaan ku basa jeung miboga ajén éstétika dominan (Kurniawan, 2012, kc. 1). Imajinasi jeung éstétika mangrupa konsép dasar tina seni anu sifatna personal, sedengkeun basa mangrupa média dina karya sastra pikeun nepikeunana.

Sastra ditulis atawa diciptakeun ku pangarang lain ukur pikeun dibaca wungkul, tapi di jerona ngandung ide gagasan, pangalaman, jeung amanat sarta ajén-inajén nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Pangarang miharep nu diébréhkeun dina karya sastra bisa jadi hiji saran atawa bongbolongan pikeun nu maca, nepi ka nu maca bisa nyokot ajén-ajén kahirupan jeung mampuh ngainterprétasikeun dina kahirupan nyata. Sastra bisa waé miboga peran salaku panungtun hirup. Sastra bisa ngawangun kapribadian secara personal jeung sosial. Sastra mampuh méré fungsi pikeun ngélingan manusa ngeunaan kahirupan boh di hareupeun Pangéran boh di hareupeun sasama manusa.

Dumasar kana wangunna, karya sastra dina basa Sunda dibagi jadi tilu, nya éta puisi, prosa, jeung drama, boh heubeul boh modérn. Salah sahiji wangun prosa nu kaasup kana karya sastra modérn nya éta novél. Novél mangrupa carita anu panjang dina wangun lancar, jalan caritana loba bagian-bagianna, kitu deui palakuna ogé loba, mangsa anu kacaterna ogé lila (Rusyana, 1992, kc. 125).

Novél tangtu miboga struktur atawa komponén-komponén anu ngawangunna, anu bakal ngajadikeun éta novél jadi hiji karangan anu miboga ma'na. Éta komponén téh di antarana téma, galur, tokoh, jeung latar.

Novél salaku salah sahiji karya sastra, minangka sarana atawa média nu ngagambarkeun rupa-rupa hal nu aya dina pikiran pangarang. Upama pangarang rék nepikeun ajén-ajén moralitas dina karyana, data-data atawa informasi nu

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

diébréhkeun asalna bisa ti jalma lian atawa pangalamanana sorangan. Éta ajén-ajén téh mangrupa hiji gambaran tina paripolah manusa di masarakat. Informasi-informasi nu geus dicangking jeung dibarengan ku pangalaman, tuluy diwangun dina hiji kahirupan fiksi nu wangunna carita panjang, nu nempatkeun tokoh-tokoh jeung midangkeun runtuyan peristiwa jeung latar sacara *terstruktur* (Noor, 2004, kc. 26). Ngaliwatan tokoh-tokoh jeung rupa-rupa runtuyan carita, nu maca dipiharep bisa nyokot hikmah tina amanat éta carita. Pangarang ngupayakeun sangkan nu maca mampuh nyangking éta ajén-ajén jeung bisa ngalarapkeun dina kahirupanana.

Dina novél mindeng kapanggih ajén-ajén kahirupan, salah sahijina nya éta ajén moral. Magnis-Suseno nyebutkeun yén kecap moral nyoko kana hadé goréngna manusa salaku manusa, ku kituna widang moral mangrupa widang kahirupan manusa diténjo tina segi kahadéanana salaku manusa (Budiningsih, 2004, kc. 24). Gambaran moral nu aya dina novél biasana teu jauh ti lingkungan kahirupan pangarangna. Ti dinya digambarkeun kumaha paripolah kahirupan masarakat nu katénjo, ngeunaan gambaran hadé goréngna ahlak manusa dina paripolahna.

Novél mangrupa salah sahiji bahan pangajaran nu dijadikeun bahan dina pangajaran aprésiasi sastra pikeun siswa di SMP. Kegiatan aprésiasi sastra mangrupa kegiatan rancagé manusa dina neuleuman jeung ngajén karya sastra. Dina ngalakukeun kegiatan aprésiasi, tangtu waé kudu aya objék nu baris diaprésiasi anu mangrupa hasil karya sastra, salah sahijina nya éta novél. Ieu pangajaran novél téh saluyu jeung Kompetensi Inti (KI) sarta Kompetensi Dasar (KD) dina Kurikulum 2013 révisi 2017 di SMP kelas IX.

Pangajaran sastra penting pisan pikeun diajarkeun di sakola, lantaran mibanda peran dina ngahontal sababaraha aspék tina tujuan pangajaran, saperti aspék: atikan susila, sosial, rasa, sikep, ngajén, jeung kaagamaan. Tujuan umum pangajaran sastra nya éta siswa mampuh ngahontal kani'matan, bisa nyangkem jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun ngamekarkeun kapribadian,

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngajembaran wawasan, sarta ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun basa Sunda.

Panalungtikan-panalungtikan ngeunaan struktur carita jeung ajén moral dina karya sastra Sunda, mémang geus dilaksanakeun saméméhna ku sababaraha panalungtik dina wangun skripsi (S1), di antarana: “Analisis Ajén Moral dina Novél *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri” (Jajat Jatirasa, 2011), “Ajén Moral dina Struktur Carita *Dongéng Manglé Alit* anu Medal Taun 2012 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” (Ema Rohimah, 2013), “Struktur Carita jeung Ajén Moral dina Novél *Kakarén Révolusi* Karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI SMA” (Yanwar Achmad Najih, 2015), “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usép Romli H.M. pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” (Pepy Sri Anjarsari, 2015), “Analisis Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Naskah Drama *Kalangkang Urang* Karya Arthur S. Nalan” (Wulan Nur Eryanti, 2015).

Sok sanajan geus aya panalungtikan nu medar ngeunaan struktur jeung ajén moral dina sastra, tapi dina ieu panalungtikan mah objék anu dipedarna béda. Nu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan nya éta novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi, lantaran ieu novél euyeub ku ajén-ajén moral anu digambarkeun ku paripolah, paguneman, jeung pikiran tokoh-tokohna. Ku kituna ieu panalungtikan téh dijudulan “Struktur jeung Ajén Moral dina Novél *Surat Wasiat* Karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP”.

1.2 Rumusan Masalah

Nilik kana kasang tukang nu aya di luhur, aya sababaraha masalah nu dirumuskeun, nya éta ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita novél (téma jeung fakta carita: plot (alur), setting (latar), tokoh jeung penokohan) nu nyampak dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi?
- 2) Ajén moral naon waé anu aya dina novel *Surat Wasiat* karangan Samsoedi?

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan struktur jeung ajén moral dina novél *Surat Wasiat* pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita jeung ajén moral nu aya dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita novél (téma jeung fakta carita: plot (alur), setting (latar), tokoh jeung penokohan) nu nyampak dina novél *Surat Wasiat*;
- 2) ajén moral anu aya dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi;
- 3) larapna hasil panalungtikan dina bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi opat bagian, nya éta mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa digunakeun salaku dadasar pikeun maham ajén moral dina novél *Surat Wasiat*. Ogé dipiharep bisa méré sumbangan kana kamekaran karya sastra, utamana karya sastra nu loba ngandung ajén moral.

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Manfaat Kawijakan

Manfaat kawijakan dina ieu panalungtikan nya éta dipiharep bisa jadi tinimbangan Pamaréntah Daérah merhatikeun karya sastra Sunda hususna novél supaya teu leungit kalindih ku kamajuan jaman, sarta bisa dijadikeun salah sahiji alternatif jeung référénsi bahan pangajaran.

1.4.3 Manfaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan manfaat pikeun panalungtik, nu maca, jeung widang atikan.

1. Pikeun panalungtik, mikanyaho kana struktur jeung ajén moral nu nyampak dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi.
2. Pikeun nu maca, méré informasi ngeunaan ajén moral nu nyampak dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi anu satuluyna bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé
3. Pikeun widang atikan, tina hasil panalungtikan ngeunaan ajén moral dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsoedi bisa méré manfaat pikeun pangajaran di SMP.

1.4.4 Manfaat Isu jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun alat pikeun nambahan pamahaman jeung pangaweruh masarakat, utamana ngeunaan ajén moral dina novél anu bisa dijadikeun patokan manusa dina milampah kahirupan.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Tatapakan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu aya dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan struktur carita, ajén moral, novél, bahan ajar aprésiasi sastra, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan méthode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB V Kacindekan jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina eusi skripsi, nya éta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca sangkan panalungtikan ka hareupna bisa leuwih hadé.